№4
2024

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

MUSIQA VA SAN'AT AXBOROTNOMASI | ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУСТВА | BULLETIN OF MUSIC AND ART

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

ILIMIY - METODIKALÍQ JURNAL

**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVACIYALAR MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI**
**ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ NÓKIS FILIALÍ**

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

# MUSIQA VA SAN’AT AXBOROTNOMASI

*Ilmiy-uslubiy jurnal*

# ВЕСТНИК МУЗЫКИ И ИСКУССТВА

*Научно-методический журнал*

# BULLETIN OF MUSIC AND ART

*Scientific-methodical journal*

**№ 4/2024**

**SHÓLKEMLESTIRIWSHI:**
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Bas redaktor:** – Allanbaev Rudakiy, *professor*
**Juwaplı xatker:** – Kamalova Dilfuza, *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent.*

**REDKOLLEGIYA AǴZALARÍ:**

**OZODBEK NAZARBEKOV –** Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministri, professor;
**AZIZBEK TURDIEV** – Ózbekstan Respublikası Oliy Majlis Senatınıń jaslar, mádeniyat hám sport máseleleri komiteti baslıǵı orınbasarı, filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**BEGIS TEMIRBAEV** – Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri, docent;
**KAMOLIDDIN URINBAYEV –** Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası rektorı, docent;
**OMONILLA RIZAEV** – kórkem ónertanıw ilimleriniń kandidatı, professor;
**HIKMAT RAJABOV** – professor;
**ORAZALI TOSHMATOV** – professor;
**BAXT AZIMOV** – pedagogika ilimleri kandidatı, docent,
**MUHABBAT TOLAXOJAEVA** – kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**MARFUA XAMIDOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**BOLTABOY SHODIYEV -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı;
**OZODA TOSHMATOVA -** kórkem ónertanıw ilimleriniń doktorı, professor;
**SAYYORA ǴAFUROVA** – professor;
**OYDIN ABDULLAEVA** – professor;
**IRODA MIRTALIPOVA** –kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**PARAXAT MAMUTOV** – kórkem ónertanıw ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD);
**QURBANBAY JARIMBETOV** – filologiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ALIMA BERDIMURATOVA** – filosofiya ilimleriniń doktorı, professor;
**ZIYADA BEKBERGENOVA** – filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**ALIMA PIRNIYAZOVA** –filologiya ilimleriniń doktorı (DSc);
**YUSUPOV QONÍSBAY –** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**UTEBAEV TAJIBAY -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc), professor;
**SEYTKASIMOV DAULETNAZAR -** pedagogika ilimleriniń doktorı (DSc);
**ARTÍQBAY EREJEPOV** – pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;
**JAŃABAY MARZIYAEV** – filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (PhD), docent;

*Jurnal qaraqalpaq, ózbek, rus hám ingliz tillerinde jılına 2 márte basıladı. Jurnal Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentligi tárepinen mámleketlik dizimnen ótkerilgen. №047569 4-oktyabr, 2022-jıl.*

**Ózbekstan Respublikası Joqarı Attestaciya Komissiyasınıń 2024-jıl 30-iyuldaǵı 358-sanlı qararı tiykarında jurnal 17.00.00-Kórkem ónertanıw ilimleri jónelisi boyınsha dissertaciya nátiyjelerin baspadan shıǵarıw ushın arnalǵan jetekshi ilimiy jurnallar qatarına kiritilgen.**

*Redakciya mánzili: Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı Turan oypatı 29-jay.*
*E-mail:ozdknf@edu.uz, UZDK_Nukus@exat. Tel:551020540 Veb-sayt: https://science.uzdknf.uz/*

**ISSN-2181-4112**

# MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ

# DÁP ÁSBABÍN OQÍTÍW METODIKASÍ TARIYXÍ

**Gulmanov I.Sh.**

*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

**Annonatsiya:** Bul maqalada Ózbekstan mámleket konservatoriyasi Nókis filialında oqıp atırǵan dap saz ásbapı studentlerin oqıtıw metodikası sheńberinde sabaq beriw tuwralı aytılǵan bolıp, búgingi ósip kiyatırǵan jas dóretiwshilerdi hár tárepleme óz saz ásbabınıń professional atqarıwshısı retinde tárbiyalaw maqsetke muwapıq esaplanadi. Bul jolda ele ashıqlanbaǵan máselelerdi bul izertlew mısalında kóriwimizge boladı. Eski zamannen búgingi zaman dap saz ásbabı atqarıwshıları hám olar tárepinen jaratılǵan jańasha ritmlerdiń búgingi kúndegi áhmiyeti haqqında sóz júrgizilgen.

**Gilt sózler:** dap, ritm, kórkem óner, mádeniyat, eski zaman, muzıka, teoriya, sazendeler, saz-asbabı.

**Аннотация:** В данной статье рассказывается о преподавании в рамках методики обучения игре на ударных инструментах студентов, обучающихся в Нукусском филиале Узбекской государственной консерватории, воспитании сегодняшних подрастающих молодых артистов как совершенных исполнителей своего музыкального инструмента всеми возможными способами. Таким образом, мы можем увидеть вопросы, которые еще не раскрыты на примере данного исследования. От древности до наших дней игроки на бубенном инструменте и значение создаваемых ими новых ритмов сегодня.

**Ключевые слова:** дап, ритм, искусство, культура, старина, музыка, теория, музыканты, музыкальный инструмент.

**Abstract:** In this article, it is told about teaching within the methodology of teaching percussion instrument students studying at the Nukus branch of the Uzbekistan State Conservatory, educating today's growing young artists as perfect performers of their musical instrument in every way. considered appropriate. In this way, we can see the issues that have not yet been disclosed in the example of this study. From ancient times to present-day players of the tambourine instrument and the importance of new rhythms created by them today.

**Keywords:** dap, rhythm, art, culture, old time, music, theory, musicians, musical instrument.

**Kirisiw:** Oraylıq Aziya xalıqları muzıka mádeniyatınıń sarqıramaları uzaq ótmishten baslanadı. Eramızǵa shekemgi birinshi mıń jıllıqta aq Oraylıq Aziya

xalıqları turmısında muzıka hám oyın kórkem óneri ayrıqsha áhmiyetke iye bolǵan. Oraylıq Aziya hám ayırım Shıǵıs xalıqları eski muzıka mádeniyatınıń ayrıqsha belgilerinen biri-ulıwmalıq xalıq qosıqları hám ásbap namaları menen bir qatarda, dástúriy esaplanǵan awızeki usıldaǵı muzıka kórkem óneri payda boldı hám rawajlandı.

Oraylıq Aziya xalıqlarınıń, sonıń ishinde ózbek xalqınıń áyyemgi nama hám qosıqları haqqındaǵı dáslepki maǵlıwmatlardı shıǵıs muzika mádeniyatı haqqında pikir bildirgen orta ásir alımlarınıń qollanbalarınan da bilip alsaq boladı. Muzika ilimi hám ámeliyatına baylanıslı túrli mashqalalar ústinde birinshilerden bolıp pikir bildirgen alımlardan biri, ataqlı filosof Abu Nasr Farabiy (IX-X ásir). Onıń muzikaǵa baylanıslı “Kitob al-musiqiy al-kabr” atamasındaǵı úlken kitabı (“Muzika haqqındaǵı úlken kitap”) keyingi áwládlar dóretiwshiligi ushın tiykar bolıp xızmet etedi. Sonıń menen birge, bul miynet Abu Ali ibn Sino (X- XI ásir), Abdurahmon Jomiy (XV ásir), Najmiddin Kavkabiy (XVI ásir) hám Darvish Ali Changiy (XVI- XVII ásir) izertlewlerine de tiykar boldı. Olardıń dóretpelerinde sóz etiliwinshe, Oraylıq Aziya xalıqları, ásirese, ózbek xalqınıń muzıka mádeniyatı, atap aytqanda, ásbap sazları áyyemgi zamanlardan-aq hár túrli hám bay bolǵanlıǵınan dárek beredi. Ásirler dawamında Oraylıq Aziyada tanbur, ud, nay, chang, rubob, qobız, girjek, sırnay, bulaman hám dáp sıyaqlı muzıka asbapları keń qollanılıp kelingen.

Bizge shekem jetip kelgen maǵlıwmatlarǵa kóre, qos qaǵıslı saz ásbapları retinde keń tarqalǵan dáp te óziniń rawajlanıp kiyatırǵan, milliy namalarǵa bay qaǵıs hám usılları menen xalıq arasında ataqqa erisip kelgen.

Eramızdan aldıńgı ekinshi mıńjıllıqqa tiyisli Saymalitosh arxeologiyalıq qazılmalarınan tabılǵan dáp sıyaqlı sazlarda atqarılǵan suwretler júdá áyyemgi waqıtlarda-aq payda bolǵan ásbap ekenliginen gúwalıq beredi. Hár túrli súwretlerde sáwlelendirilgen bul ásbap zamanagóy ózbek hám tájik dáplerine júdá uqsas.

Ayırım áyyemgi súwretlerge salıstırǵanda dáptiń házirgi dúzilisinde birqansha ózgerisler bar. Mısalı, dáp gárdishinde tesikler oyılmaydı, házir bolsa olardıń ornın gárdishtiń ishki tárepinen asılatuǵın metall halqashalar iyelegen. Gárdish ústine tartılatuǵın teri júzesi (membrana) de bir qansha keńeygen. Jáne sonı aytıp ótiw kerek, bular tiykarınan XV-XVI ásirlerge tiyisli kitap bezewlerinde, Shıǵıs miniatyuralarında súwretlengen. Biraq Oraylıq Aziyanıń odan aldıńgı antik dáwir estelikleri esaplanǵan Niso qalasınıń bosaǵalarında súwretlengen dápler bul ásbaptıń dáslepki dúzilisi házirgi ózbek dáplerine jaqın ekenligin kórsetip turıptı.

Bul asbap ózbek hám tájiklerde «doyra», «chirmanda», «childirma», armyanlarda «dapp», iranlı hám mısırlılarda «daff», ázerbayjanlarda «def», «doyre», «gaval», ayırım shıǵıs mámleketlerinde «dabu hám basqa atlar menen

keń tarqalǵanlıǵı belgili. Ulıwma, dáp túrleri bir-birinen úlken-kishiligi, strukturalıq bólimleriniń dúzilisi, atqarıwshılıq usılları menen parıq qıladı.

**Tiykarǵı bólim.** Oraylıq Aziya jerlerinde alıp barılǵan arxeologiyalıq qazılmalar nátiyjesinde alınǵan maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, islam dáwirinen aldıńǵı zamanlarda dáp atqarılıwına, tiykarınan, hayal-qızlar xor bolǵan. Olardıń dáp usıllarına mas qosıq aytıwı hám oyınǵa túsiwi sol dáwirlerde qáliplesip, ásirler dawamında rawajlanıp kelgen. Házirgi kúnde de Samarqand, Ferǵana, Buxara, Namangan hám basqa bir qatar wálayatlarda dáp hayal-qızlar atqarıwshılıǵında tiykarǵı ásbaplardan biri bolıp tabıladı. Ásirese, Ferǵana oazisiniń qala hám awıllarında tek dáp penen birge qosıq aytatuǵın, oyınǵa túsetuǵın qanshadan-qansha xalıq dásteleri dúzilgen. Olar hár túrli dástúriy máresimler menen baylanıslı bolǵan ilájlarda qatnasadı. Yar-yarlar, óleńler, láparlar, qosıqlar hám de zamanagóy qosıq hám oyınlardı atqaradı. Bunday túrdegi xalıq dásteleriniń atqarıwshılıq kórkem óneri kún sayın kóplegen tamashagóylerdiń itibarın tartıp kelmekte. Hújjetlerdiń deregine kóre, dáp-urma sazlar qayroq, zang hám basqalar menen bir qatarda, aymama dástúrlerinde káhinler tárepinen keń qollanılǵan. Niso bosaǵalarında súwretleniwinshe, dáp diniy máresim oyınlarına xor bolıwshı ásbap esaplanıp, ayırım jaǵdaylarda oyınǵa túsiwshilerdiń ózleri dápshiler tárepinen atqarılǵan.

Sońǵı on jıllıqta jaslar siyasatına qaratılǵan úlken itibar, olardıń biyminnet bilim alıwları ushın úlken-úlken imkaniyat hám múmkinshilikler jaratılmaqta. El basshımızdıń tili menen aytqanımızda, búgin “Jańa Ózbekstandı qurıwǵa qaratılǵan ulıwmaxalıqlıq háreketi qatarında siz, aziz jaslarımızdıń qúdiretli tolqın bolıp maydanǵa shıǵıp atırǵanlıǵıńız, úlken alǵıslarǵa ılayıq” [2] – dedi Prezident.

Túrli qatlamdaǵı ásbap hám qosıq dásteleri quramında da dáp áyyemnen salmaqlı orın tutıp kelgen. Xalqımızdıń ruwxıy baylıǵı, xalıq dóretiwshiliginde ásirler dawamında qáliplesip, rawajlanıp kelgen maqamlarda bolsa, tiykarǵı negiz lad hám usıl bolıp tabıladı. Sol sebepli milliy muzikamızdıń klassik dóretpeleri esaplanǵan maqamlar atqarıwshılıǵın dápsiz oyda kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Maqomlardıń nasr hám mushkulot atqarıw jolların sheber atqarıwshı sazendeler-qosıqshılar dáp menen sheriklikte atqarǵan. Bizge belgili, dáp hám barlıq urma ásbaplar atqarıwshılıǵınıń payda bolıw hám gúlleniw processinde Oraylıq Aziya kóleminde hár bir oaziste ózine tán jergilikli atqarıwshılıq usılları qáliplesken. Bul usıllarda hár bir oazistiń ózine tán qásiyetleri, áhmiyetli tárepleri elege shekem óz mazmunın saqlap kiyatır. Bularǵa Xorezm, Buxara, Samarqand, Ferǵana - Tashkent dáp atqarıwshılıǵın mısal etip keltiriwimiz múmkin. Joqarıda atap ótkenimizdey, Xorezm dápshilik mektebi óz atqarıwshılıq usılı hám usıllarınıń quralıwı jaǵınan Ózbekstannıń basqa oazislerindegi dáp atqarıwshılıq usıllarınan parıq qıladı. Sonıń menen birge, Xorezmde eki túrli-úlken hám kishi dáp ásbabı

bar bolıp, tiykarınan xor bolıwshı saz ásbapları sıpatında qollanıladı. Bul oaziste dáp atqarıwshılığınıń jeke atqarıwshılıq usılı júdá rawajlanbaǵan. Tuwrıdan-tuwrı ásbaptıń atqarılıw halatın aytatuǵın bolsaq, Xorezmde dáp ortasha qızdırıladı hám sol sebepli ózgeshe tembrǵa iye dawıs payda etedi.

Bizdegi bar muzıkalıq dereklerden baqlawımızsha, áyyemnen barlıq oazisler muzıka dásteleriniń atqarıwshılıq iskerliginde dáp bárqulla qatnasqan. Ádette, bir dápti isletiw keń tarqalǵan, biraq ayırım jaǵdaylarda eki, úsh dáp te isletilgenligi de belgili. Biraq, hámme maǵlıwmatlarda dáp qos qaǵısı haqqında birdey aytıp ótilmegen. Bul jaǵday XX ásirdiń dáslepki dáwirine de tiyisli bolıp tabıladı. Biraq, dáp ásbabınıń pútkil atqarıwshılıq qásiyetleri qos qaǵısta, oyınǵa xor bolıw processinde óz kórinisin tabadı. Dáp qos qaǵısınıń payda bolıwında oyın kórkem óneriniń tásiri úlken. Sebebi, bul process oyınlarda bolǵan háreket, ózine tartatuǵın, húrmet kórsetiw, ımlaw – belgi sıyaqlı xalqımızǵa tán gózzal dástúrlerdi dáp usıllarında tolıq ańlatıw menen baylanıslı. Usınıń menen birge, bul jaǵday dáp atqarıwshısı ushın hár-túrli usıllar kompleksin dúziw hám olardı sheber atqarıw menen shegaralanbay, dástúriy oyın kórkem óneri sırların da túsiniwdi, seziwdi talap etedi. Sesler uyǵınlıǵı hám salmaq táreplerinen quram tapqan túrli quramalı oyınlar kompleksinen qáliplesken dóretpelerde bir usıldan ekinshi usılǵa ótiwdiń tábiyiy hám logikalıq jaqtan tiykarlanǵan jolın tabıw dáp atqarıwshısınıń uqıbına baylanıslı. Bunnan tısqarı, jańa oyınlardı (dáp penen birge) jaratıw, olardı ózlestiriw hám saxnalastırıw sıyaqlı bir qatar ilájlerde dápshi oǵada zárúrli rol oynaydı. Sebebi, ayaq oyındı erkin rawajlandırıwdıń tiykarǵı talaplarınan biri usıllar kompleksi bolıp tabıladı.

XX ásirdiń ekinshi yarımınan baslap Ózbekstanda dáp atqarıwshılıǵınıń jańa usılı, yaǵnıy onıń jalǵız saz ásbapları retinde qollanıwı rawajlana basladı. Bul iske 1947-jılda Tashkenttegi oqıwshılar sarayı (házirgi Respublika oqıwshıları hám óspirim jasları dóretiwshilik orayı) qasında dápshi balalar dógeregi shólkemlestiriliwi menen dáslepki ret qádem qoyıldı. Olardıń iskerligi bay ózbek usılların úyreniw menen bir qatarda, estrada saxnalarında bir yamasa bir neshe (tórtewge shekem) dápte jalǵız bolıp jırlaw usılların da úyreniwge tiykarlanǵan edi. Dápshi balalar dógeregin pitkergenler keyinirek iyelegen atqarıwshılıq uqıpları sebepli, ózbek muzıka kórkem ónerin dúnyanıń túrli mámleketlerinde kórsetip, alǵıslarǵa iye boldı. Birqatar dápshilerdiń atqarıwshılıq óneri joqarı sıylıqlar menen sıylıqlanǵan. Olar arasında Ózbekstan xalıq artistleri hám Mámleket sıylıq iyeleri, xalıqaralıq hám Respublika tańlawları, jáhán festivallarining bir neshe jeńimpazları bar. Atap aytqanda, Qaharman Dadayev, Talat Sayfutdinov, Odil Kamalxójayev, aǵalı-inili Dilmurod, Xolmurod, Elmurod Islamovlar, Husan Nosirov, Ilhom Ikromov, Alisher Joldasev sıyaqlı kórkem óner wákilleri el-xalıq itibarına bólengen.

Biz keltirgen mısallar dáp atqarıwshılıq dástúrleriniń turmısshańlığı hám zamanagóy ruwxta rawajlanıp, tazadan jańa janr hám sırtqı kórinislerdi payda etiwi múmkinligin hám dáptiń ózbek dástúriy muzıka kórkem ónerinde salmaqlı ornın kórsetedi. Dápten taralǵan sesler tıńlawshılardı ózine tartıp, olarda kórkem hám estetikalıq qızıǵıwshılıq oyatıwı anıq.

Dástúriy muzıka janrlarınıń máńgi jasawı menen bir qatarda, házirgi kúnde zaman talabına uyqas muzıkalıq janrlar, atqarıwshılıqtıń jańasha usılı, jańasha kompozitorlik dóretiwshilik túrleri qáliplesip atır. Keyingi jıllarda ózbek kompozitoriari óz dóretpelerinde dáp usıllarına úlken itibar bermekte. Mısalı, opera hám balet janrında jaratılǵan dóretpelerde de dáp jeke hám xor bolıwshı ásbap retinde isletilip atır. Simfoniyalıq orkestr atqarıwındaǵı hár bir shıǵarmaǵa dáp ózine tán milliy ruwx baǵıshlaydı. Tamashagóyler dıqqatına iye bolǵan kompozitor G.Musheldiń «Ayaq oyınshı» hám «Baxıt guli» baletleriniń belgili orınlarında milliy oyınlar formasında berilgen úzindiler Ózbekstan xalıq artisti, ataqlı dápshi Usta Alım Komilovtıń tikkeley qatnasıwında jaratılǵan hám saxnalastırılǵan bolıp tabıladı. Oyın ustası hám ustaz dápshiniń dóretiwshilik sherikligi nátiyjesinde jaratılǵan «Ayaq oyınshı» baleti ózine tán milliy qásiyetleri menen ajralıp turadı. Shıǵarmada dáp jeke ásbap retinde isletilip, onıń jılwalı usıllar kompleksine uyqas oyın kórkem óneri háreketlerin ataqlı oyın ustası G. Izmaylova kórsetken. Dáptiń jeke sesler uyǵınlıǵı onıń oyınına milliy tús berip, hár bir háreketti qaytarılmas gózzal kórkem jaǵdayǵa alıp kelgen. Bunnan tısqarı, ózbek kompozitorlarınıń muzıkalıq dramaların saxnalastırǵan Muqimiy atındaǵı ózbek mámleketlik muzıkalı drama hám komediya teatrı da buǵan baylanıslı bir qatar islerdi ámelge asırǵan.

Ózbek simfoniyalıq muzıkası quramında da dáp atqarıwshılıǵı óz rawajlanıwın tapqan. Ózbekstan kompozitorları simfoniyalıq shıǵarmalarınıń kópshilik bóleginde, mısalı, M. Tojiyevtıń 11-simfoniyası, T. Qurbonovtıń «Toy sawǵası», «Askiya», S. Jalildiń «Tashkent tábiyat kórinisleri» sıyaqlı simfoniyalıq partituralarında da dáp óz ornın tapqan.

Ózbek xalıq saz ásbapları orkestri ushın jaratılǵan dóretpelerde de dáp usıllarına ayrıqsha itibar berilgen. 1938-jıl noyabr ayında Ózbekstan mámleketlik filarmoniyası qasında nota menen atqarıwshı ózbek xalıq ásbapları orkestri dúzildi. Ózbekstannıń kóplegen kompozitorları tap usı orkestr ushın dóretpeler jaz basladı. Bul dóretpelerde dáp partiyası orkestrde metro - ritmikalıq ózgesheliklerdiń tegis támiyinleniwine alıp keldi. B. Giyenko, T. Qurbonov, F. Alımov, A. Mansurov dóretpelerinde bul ózgeshelik ayqın kózge taslanadı. Sońǵı jıllarda bul jaǵday ózbek xalıq ásbapları orkestri ushın jaratılǵan barlıq dóretpelerde óz kórinisin tapqan.

Sonıń menen birge, keyingi jıllarda dápti qor toparları ushın jazılǵan dóretpelerge de xor bólıwshı saz ásbapları retinde qollanıw ádetke aylanbaqta. Kóbinese, dáp usıllarına xor kapellası dawıslar járdeminde eliklep kelgen. Dáp usılların tiykarınan bas (juwan) dawıslı qosıqshılar atqarǵan. 1970-jıllarda xor, dáp hám urma ásbaplar ushın bir qatar dóretpeler jaratıldı. Atap aytqanda, S.Yudakovtıń "Muborakbod" shıǵarmasında xor, eki dáp hám qayraq, «Alyor» shıǵarmasında bolsa xor, simfoniyalıq orkestr hám tórt dáp, B. Umidjonovtıń "Mavrigi" shıǵarmasında dáp hám qayraq sazları qatnasadı.

Ózbekstanda XX ásirdiń ortalarında qáliplesken jáne bir muzıkalıq ulıwma xalıqlıq janr – estrada janrı esaplanadı. Bul janrdıń atqarıw iskerliginde de dáp ásbabı arnawlı bir wazıypanı atqaradı. Ataqlı qosıqshı, Ózbekstan xalıq artisti Botir Zokirov baslaǵan estrada dástúrleri házirde rawajlanıp, hár túrli zamanagóy aǵımlar tásirinde bayıp, iykemlesip barmaqta. Sonı atap ótiw kerek, áyne estrada janrında da belgili milliy xarakter kópshilik jaǵdaylarda dáp seslerinde aytıladı. Bunı bizler «Yalla», «Sado», «G'uncha», «Toshkent», «Navo» sıyaqlı estrada dásteleriniń programmalarınan orın alǵan qosıqlarda kóremiz.

Dáp atqarıwshılıq kórkem óneriniń rawajlanıw processinde jas áwládqa teoriyalıq hám ámeliy bilim beriw maqsetinde Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasınıń «Xalq cholg'ulari» kafedrasında dáp hám urma saz ásbaplar klası dúzildi. Bul dárgayda hár bir uqıplı student dáp atqarıwshılıǵı tariyxın, teoriyalıq bilimlerdi tolıq iyelep, ámeliy ózlestiriwge bolsa dóretiwshilik jasaǵan halda sabaq alıp atır. Dárgaydı pitkergen studentler házirgi kúnde Ózbekstannıń hár túrli kórkem óner hám mádeniyat mákanlarında xızmet kórsetip kelmekte.

Turmısta hár bir jumıs belgili dárejede kemshilikke, hár túrli mashqalalarǵa iye bolǵanı sıyaqlı, bul taraw da bunnan tısqarı emes. Ol da bolsa, oqıw - metodikalıq qollanbalardıń jetispewshiliginde bolıp tabıladı. Buǵan baylanıslı mazmunlıq tárepten bir-birine júdá jaqın bolǵan - A. I. Petrosyans qálemine tiyisli «Doyra uchun o'quv qo'llanma» hám O. Kámalxo'jayev penen A. Liviyevtıń "Dáp sabaqlıǵı" n esletip ótiw kerek. Eki oqıw qollanba da tiykarınan dáp atqarıwshılıq kórkem ónerin endi úyreniwge kirisken sázendelerge arnalǵan.

Áhmiyetli tariyxıy derek sıpatında I. Akbarovtıń Usta Olim Komilovtan jazıp alǵan "Doyraning zarblari" toplamın aytıp ótiw órınlı. Bunnan 60 jıl burın baspadan shıǵarılıwına qaramastan, bul toplam házirgi kúnge shekem dástúriy usıllardıń eń tolıq toplamı dep tán alınadı.

Dáp ásbap atqarıwshılıǵı boyınsha teoriyalıq bilimlerdi hám atqarıw kónlikpelerin kútilgen dárejede ózlestiriwdiń faktorları kóp. Tap sonday áhmiyetli faktorlardan biri Ózbekstan dáp ásbap atqarıwshılıǵında dóretiwshilik mektep jaratqan ustaz dáp ásbap atqarıwshılarınıń dóretiwshilik jolınan xabarlı bolıw esaplanadı. Bul orında itibarıńızdı áne sonday ataqlı ustazlardan Ózbekstan xalıq

artistleri Usta Olim Komilov (1875-1953) hám Qaharmon Dadaevtıń (1936 -2013) dóretiwshilik jolına tartamız. Dáp atqarıwshılıq mektebiniń bas ustazı Ózbekstan xalıq artisti Usta Olim Komilov bolıp tabıladı. Onıń dóretiwshilik miyrasları júdá bay hám hár túrli. Ekinshi jáhán urısı dáwirinde kópshilik muzıka ásbapları qatarında dáptiń de áskeriy qásiyetlerine kóbirek pát berilgen edi. Nátiyjede usı óner boyınsha ayırım nadurıs, anıǵıraǵı, bir tárepleme kózqaraslar kóbeyip baratırǵan edi. Sol waqıtta Usta Olim Komilov basshılıǵında bir topar artistler muzıka óneriniń basqa tarawlar qatarına dáp atqarıwshılıǵın da bunday nadurıs túsiniw, aytıw hám oǵan bir tárepleme múnasebette bolıw sıyaqlı jantasıwlarǵa qarsı háreket qıldı. Bul háreket ámeliy formada bolıp, oǵan kóre, dáp atqarıwshılıǵın rawajlandırıw hám onı ǵalabalastırıw baslı wazıypa etip alındı. Ásirese, bul máselede Usta Olim Komilovtıń 1936-jılı London qalasında (Ullı Britaniya) kórsetken joqarı dáp atqarıwshılıq sheberligi bul ónerdiń jáhán kóleminde ataqlı bolıwına sebep boldı. Inglizler Ustanıń barmaq izlerin gips formasında alıp, Patshalıq muzeyine qoyǵan. Sonıń sebebinen 1950-jıllardıń ortalarınan baslap, dáp ásbap atqarıwshılıǵın muzıkalıq ásbaplar shańaraǵında tutqan ornı, áhmiyeti hám ózine tán qásiyetlerin itibarǵa alıw baslandı. Tap usı dáwirden baslap dáp atqarıwshılıq óneriniń ózine tán qásiyetlerin milliy ózenlerde ańlawdıń quramına kirgenligin atap kórsetiw kerek. Buǵan baylanıslı Usta Olim Komilov hám onıń shákirtleri haqıyqıy mánide pidayılıq kórsetti.

Usta Olim Komilov óz iskerligi dawamında júdá kóp uqıplı jaslardı tárbiyalap kámalǵa jetkizgenligin esletip ótiw kerek. Usta Olim Komilovtıń ómiri hám iskerligi ápiwayı adamlardan parıq qılmaydı, lekin onda geniylıq dárejesine jetiwdiń faktorları ańlatpasın tapqan. Usta Olim 1875 jılı Ferǵananıń Marǵilon qalasında toqıwshı qol ónermenti shańaraǵında tuwılǵan, tuwılǵan waqtı hám kúni sol dáwirge tán tárzde dizimge alınǵan. Biraq sonısı anıq, XIX asirde jurtımızda, atap aytqanda, Marǵilonda toqıwshılıq kásibi eń hadal hám mádeniy ónerlerden esaplanǵan. Atlas, adras, boz sıyaqlı shúberekler toqıw processinde insaniylıq hám mádeniylikke degen sezim oyanadı, bunıń kórkem suwretin Abdulla Qodiriydıń «Ótken kúnler» romanında oqıp alıw múmkin. Usı mániden alıp qaraǵanda Usta Olim hadal hám mádeniyatlı shańaraq wákili edi. Bunı Ustanıń keyingi turmıs iskerliginen ayqın bilip alıw múmkin.

Ilyos Akbarov hám K. Olimboyeva menen birgelikte Ustanıń tirilik dáwirinde tınıshsızlanıw menen jazǵan edi: «Olimjonnıń balalıq jılları kewilsiz ótken, jaslıǵınan jetim qalǵan». Bul maǵlıwmat Usta Olim Komilovtıń júdá qıyınshılıq penen er jetkenligin kórsetedi. Ol 10 jasınan baslap sheber bir arba ustasına jallanba shákirt (batrak) bolıp tústi. Ilyos Akbarov hám K. Olimboyeva jazadı: «Olimjon uzaq jıllar batraklıq etti, ol batrakta ótken jıllarıń zor qayǵı hám ruwxıy azap penen tilge aladı». Sebebi jallanba shákirtliktiń unamsız hám unamlı tárepleri

bar. Unamsız tárepi sonda, shákirttiń erkinligi biraz sheklenedi, Ustaz dúzgen rejim tiykarında iskerlik júrgizedi hám jasaydı; unamlı tárepi qandayda bir kásip-ónerde sheber usta bolıp jetisedi. Usı mánisten alıp qaraǵanda Ustaz jallanba shákirtliktiń miyneti hám zawqı nátiyjesinde tez arada arba ustashılıǵında dańqın shıǵardı. Lekin, keyinirek Usta Olim dep atala baslanıwına onıń sheńber atqarıwshılıq ónerindegi «ustalıǵı» názerde tutılǵanın aytıp ótiw kerek.

1917-jıldan baslap ustaz Masaid ata 42 jaslı Usta Olimǵa erkin xızmet kórsetiwi ushın ruqsat berdi. Usta Olim Marǵilondaǵı házirgi Atlas toqıw kárxanasında muzıka dógeregin shólkemlestirdi, milliy truppalarda qatnasa basladı. Bunday truppalar mádeniyat orınlarında xalıqqa koncert berer edi. Bunnan paydalanǵan Usta Alım orınlarda jaslardı óz dógeregine tarta basladı. Tez arada 23 adamdı bul tarawǵa tarttı, keyinirek olardan artist muzıkashılar jetisip shıqtı. Kórkem ónerde márt, saqıy hám óz qábiletine isengen adam ǵana shákirt jetistiriwge háreket etedi. Usta Alımda bul sıpatlar kóp edi. Bunnan tısqarı, shákirt tárbiyalaw artistti dańqparazlıq hám menmenlik illetinen saqlaydı. Sol sebepli «Ózbek milliy ensiklopediyası»nda «Usta Olim ataqlı Tamara Xanım hám Mukarrama Turǵunboyevalardıń oyın ustazı esaplanadı», - degen maǵlıwmatlar keltirilgen (9-bet).

1926-jılı 51 jaslı Usta Olim Ózbekstan Bilimlendiriw Xalıq komissarlıǵı (házirgi Xalıq tálimi ministrligi) dúzgen Etnografiyalıq koncert truppasına ataqlı artist Yusufjon qızıq Shakarjonov penen birgelikte jumısqa kiredi. Nátiyjede ol ataqlı artistler Muhiddin Qoriyoqubov, Tamara Xonim, Mukarrama Turǵunboyeva, Gavhar Rahimova sıyaqlılar menen birgelikte xızmet ete basladı, ómiri Samarqand hám Tashkent sıyaqlı oraylıq qalalar menen baylanıslı boldı. 1927-jılı truppa quramında Usta Olim Moskva, Leningrad (házirgi Sankt-Peterburg), Povolje, Baku qalalarında dáslepki márte gastrolda boldı, ol jerdegiler Ustanıń dáp atqarıwına hayran boldı, onı alǵısladı. 1930-jılı bul truppa «Ózbek mámleketlik muzıkalıq teatrı» na aylandırıldı hám Usta Olim yoshlı dóretiwshilikke berildi. 1930-jılǵa shekem Usta Olim hár qıylı ásbaplardı atqarıp kelgen bolsa, sol jıldan baslap, óziniń turaqlı ásbabı bolǵan dáp atqarıwshılıǵına ótti.

Evropalı kórkem óner tamashagóyler Usta Olim Komilov, Tamara Xonimnıń atqarıwın kewilli hám itibar menen kútip aldı. Koncertte qatnasıp atırǵan Ullı Britaniya xanzadası Mariya hám Patsha Genrix saxnaǵa shıqtı, Usta Olimniń múbárek qolların usladı hám alaqanlarına qaradı hám usılay buyırdı: «Bul káramatlı qoldan gipste nusqa alıp, korollıq muzeyine qoyıń! » hám bul buyrıq ámelge asırıldı. házir bul barmaq izleri Londonnıń eń ataqlı muzeyinde saqlanadı, ol 80 jıldan beri ózbek kórkem óneriniń dańqı esaplanadı hám hár bir dáp atqarıwshısı onı ziyarat qılıwǵa háreket etedi. Bul festivalda Usta Gran-Pri sıylıqıǵına iye boldı hám I.Akbarovtıń maǵlıwmat beriwinshe, Usta Olim degen

eken: «London festivalında erisilgen tabıs meniń jetiskenligim emes, bul jetiskenlik ózbek kórkem óneriniń jetiskenligi bolıp tabıladı».

Usta Olim Komilovtıń dóretiwshilik iskerligi eki jónelis-dáp hám oyın atqarıwshılıq ónerinde boldı. Usta dápten tısqarı, naqıra hám shań asbapların da shebelik penen atqarǵanlıǵı haqqında zamanlasları eslep atap ótken. Bul orında itibarıńızdı Usta Olimnıń dóretiwshilik sheberlik analizine tartamız.

Ilyos Akbarov hám K. Olimboyevlardıń jazıwı boyınsha, Usta Olim 1930-jıldan baslap xalıq arasınan dáp usılların jıynay baslaǵan hám bul jumıstı 1933-1934- jıllarda háwij aldırǵan. Bul jumısta Ustaǵa ustaz Masaid ata hám dostı Yusufjon qızıq Shakarjonov (1869-1957) jaqınnan járdem bergen, Ustanıń qolında júdá kóp dáp usılları (dóretpeleri) jıynalǵan hám olardıń hár biri óz atına iye bolǵan, Usta olardı bólgen, atqarıw texnikasın belgilegen hám oyınlar atqarılıwına maslastırǵan. Bul orında biz sheber hám alım artist Usta Olimǵa dus kelemiz, ol arnawlı muzıkalıq tálim almaǵan, sonda da bul áhmiyetli ilimiy jumıstı ámelge asırdı. Usta jalǵızlıq etti, sonıń sebebinen Ferǵana, Samarqand hám Tashkent aymaqlarınan dáp usılların toplaw menen sheklendi. Qalǵan aymaqlarımızda qanshadan-qansha dáp usılları basım astına alınıp, ayırımları umıtıldı. Ullı Usta saralap ózgeris kirgizgen 47 dáp usılın onıń atqarılıwına ashıq shákirti Ilyos Akbarov jazıp alıp, baspadan shıǵardı.

Oyın kórkem ónerin rawajlandırıwda da Usta-artisttiń xızmetleri kútá úlken. Ol dáp hám oyın usılların muwapıqlıǵı, bul eki atqarıw óneriniń bir-birisiz jasay almaslıǵın ámelde dálillep berdi. Bunıń sebebin onıń sadıq shákirtlerinen Ilyos Akbarov « dáptiń tembri hám soqqısı júdá baylıǵı hám onıń milliy oyın óneri menen júdá jaqınnan baylanıslı bolǵanlıǵı» nda kóredi. Sonıń menen birge, Ustanıń xızmetleri sebepli, «ózbek muzıkalı dramasında hám hátte, ayırım ózbek operalarında ózine tán bir dástúr payda boldı. Kópshiligi xalıq oyınlarınan ibarat bolǵan xoreografiyalıq kórinisler ádette simfoniyalıq orkestrdiń xorı astında emes, bálkim eki yamasa úsh dáptiń xorı astında atqarılatuǵın boldı». Solay eken, Usta oyınǵa dáptiń jeke dawıslı hám qos dawıslılıǵına ayrıqsha itibar beriwi menen oyın hám dáp atqarıwshılıq ónerlerine professionalizm baǵıshladı. Usı mánide Usta buyırǵan eken: «hár bir dápshi hám oyın atqarıwshısı usıllardı biliwi shárt, sebebi oyın usıl tiykarında qurıladı. Bulsız bolmaydı, usıllar – bul oyın álipbesi». T. Obidov qosımsha etip: «Ol ózbek muzıka kórkem óneriniń gáwhar usılların jaqsı bilgen hám káramatlı qolı ózine tartıwshı usıllardı jaratdı, derlik barlıq ózbek oyın usılların ol topladı hám sistemaǵa saldı, kópshiligin ózi jarattı».

Usta Alım professional oyın mektepin jaratıwshı retinde talapshań hám mehriban ustaz bolǵan. Sadıq shákirtlerinen Tóychi Inoǵomov (1914-1986) 1957 jılı degen eken: «Esleymen, biz shákirtler ustazdan hayran qalar edik, ol oǵada talapshań edi. Ustaz júdá kóp jumıs isler edi hám bizlerden de sonı talap qılatuǵın

edi. Geyde ustaz shınıǵıwǵa kelip, stulǵa otırar edi hám qolına dápti alıp, tınısh áste shala baslarb edi. Biz jaslar tınısh hám sessiz tıńlap turar edik... Birazdan keyin bizlerge qarap, kulip turıp aytar edi: «Qáne, ótken shınıǵıwda qayda toqtaǵan edik, sabaqtı dawam ettiremiz». Tezlik penen birewimizdiń qolımızǵa dápti berer edi hám bul sol balanıń shınıǵıw dawamında koncertmeyster bolıp turıwın ańlatar edi. Shınıǵıwda dáp shertip turıw juwapkershilikli wazıypa edi, sebebi Olim aǵa ápiwayı anıqsızlıqtı da ańlar edi hám onda tolıq dárejedegi muzıkalıq yad bar edi. Sol sebepli bizler bar quwatımız benen shınıǵıwǵa kiriser edik. Ustaz kóp maqtamaytuǵın edi. Ol mudamı aytar edi, «Tamashagóy-halıs hám isenimli sudya, ol bizdiń ónerimizge baha berip turadı. Házir bolsa eń tiykarǵısı - shınıǵıw hám jánr bir ret shınıǵıw». Ustaz áne sonday ózgeshelikke iye edi». Solay eken Usta ómiri hám dóretiwshilik iskerligi dawamında talapshańlıq, qatańlıq, miynetkeshlik, izleniwshilik, mehribanlıq, juwapkershilik sıyaqlı páziyletlerdi ózinde jámlegenliginen dárek beredi.

Bunnan tısqarı Usta shınıǵıwdı shákirtleriniń psixikalıq tárepten tayarlaw menen baslaǵan hám mısallardı oqıwshı qatnasıwında kórsetip barǵan, bul óz gezeginde shákirttiń mamanlıǵın asırıp barǵan. Usta shınıǵıw otip atırǵanda tamashagóydi oyda sawlelendirgen hám nátiyjede sabaq procesi jáne de qızıq bolǵan. Usı mánide Ustanı kórgen hám Usta sheberliginiń dáslepki izertlewshilerinen T. Obidov tómendegishe eske aladı: «Usta Olim júdá talapshań oqıtıwshı edi. Ol kemshilikke taqat etpes edi. Shákirtleri shınıǵıw programmasında belgilengenlerdi ózlestirmey turıp klasstan shıqpas edi. Eger shákirt qandayda bir usıl hám háreketti ózlestire almasa, Usta Olim oǵan eki, úsh, bes, on mártelep túsindirer edi. Ol hesh qashan waqtın qızǵanbas hám waqıttı oylamas edi. Ol kóbinese shákirtlerin óz úyine mirat etetuǵın edi hám Komilovlar shańaraǵı ózine tán studiyaǵa aynalǵan edi». Ustanıń ustazlıq metodları keyinirek shákirtleri tárepinen áyne qabıl etilgen hám ámeliyatqa engizilgen.

**Juwmaq.** Dáp atqarıwshılıǵında milliy muzıka kórkem óneri tariyxında ustazlıq mártebesi áyyemnen itibarǵa iye bolıp kiyatır. Ilgerileri úlken jaslılar kishilerge, áke-analar perzentlerine, kásiplik jetikler baslawshılarǵa dáp atqarıwshılıq ónerinde ustazlıq qılıw dástúrı bar edi. XX ásirge kelip ustazlıq mártebesine professional dápshiler erise basladı hám olar jas dápshilerge kásiplik bilim, kónlikpe, ilmiy tájriybe hám uqıptı ilimiy-teoriyalıq tárepten úyretiwge kiristi. Sol mánide Usta Olim Komilov, Raxim Isahójaev, Tóychi Inoǵomov, Ǵofur Azimov, Ǵofir Solijov, Dadaxója Sottixójayev, Ubay Xójayev, Anver Baroyev, Ǵofir Inoǵomov, Jalil Mirxoliqov, Anvar Ahrorov, Bolta Sharipov, Qaharmon Dadayev, Talat Sayfitdinov, Odil Kamolxójayev, Husan Nosirov, aǵa-iniler - Dilmurod, Xolmurod, Elmurod Islomovlar sıyaqlı dáp atqarıwshılıq óner ustalarınıń ustazlıq mártebesi hám sabaqlardı ilimiy-teoriyalıq hám ámeliy tárepten

úyreniw aktual wazıypalardan bir bolıp tur. Dáp atqarıwshılıq mektebinde, dáp usılları ansamblinde hám jeke atqarıw sheberligin iyelew de áhmiyetli máselelerden esaplanadı. Ansamblde muzıka, qosıq hám oyınǵa dáp shertiw úlken áhmiyetke iye. Qahramon Dadayev atqarıwshılıq sheberlik mektebi tájiriybesinde kóbirek oyın arqarılıwında dáp shertiwge itibar bergen. Búgingi kúnde hár túrli tańlaw, festival, ilájlardı kóbirek shólkemlestiriw hám onda ansamblde dáp atqarılıwın jáne de jetilistiriw máselesine ayrıqsha itibar berilmekte.

Dáp atqarıwshılıq mektebin úyreniw jáne onıń jaynap-jasnawında teoriyalıq hám ámeliy sheberlik sırların iyelew áhmiyetli bolıp tabıladı. Dáp atqarıwı ustazlarınıń iskerligi áne sonday sabaqtı beredi.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1. «Madaniyat va san'at soxasini yanada rivojlantirishga doir qo'shimcha chora-tadbirlar to'g'risida»gi O'zbekiston respublikasi prezidentining 2022 yil 2 fevraldagi № ПК-112 sonli qarori.
2. Azmu shijoatli yoshlarimiz bilan birgalikda yangi O'zbekistonni albatta bunyod etamiz. Xalq so'zi gazetasi. №138 (7918) 2021-yil, 1-iyul. 2-bet.
3. Икромов И. Дойра дарслиги. Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти, Тошкент-1997, 78-bet.
4. Ikromov I., Lutfullayev A. «Musiqa» nashriyoti. Toshkent 2012-yil, 10-bet.

**Qosımsha ádebiyatlar**

5. Пирназаров С.М. «Қарақалпақ театрының профессионаллыққа өтиўинде дәслепки адымлар (1930-1939)» Илмий мақола. «Илим ҳәм жәмийет» илмий мақолалар тўплами. 2023 й., 62-64-бетлар.
6. Мамутов П. Қорақалпоқ давлат қўғирчоқ театрининг ташкил қилиниши. Театрдаги ижодий жараёнлар ва изланишлар //Journal of Culture and Art. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 1-6.
7. Уразбаев Д, Пирназаров С. THE FIRST APPEARANCE OF POP PERFORMANCES AND ITS DEVELOPMENT OF WORLDWIDE DEVELOPMENT. Science and Education in Karakalpakstan. 2022 years. 95-96.
8. СМ Пирназаров, СБ Аяпов JIRAWSHILIQ KÓRKEM ÓNERI–BIR AKTYOR TEATRI MISALINDA. ПЕРЕКРЁСТОК КУЛЬТУРЫ, 2022.
9. K.Muxammeddinov. "jirovchilik hunarining rivojida jumabay jirov bozorivning o`ziga xos hissasi haqida" ilimiy maqola "ilm fan qanoti" ilimiy maqolalar toplami. 2023 yil. 327-330 betler.
10. Алланбаев Р. О. ПЕДАГОГИЧЕСКИЕ АСПЕКТЫ РАЗВИТИЯ ВОКАЛЬНЫХ СПОСОБНОСТЕЙ //INTERNATIONAL SCIENTIFIC REVIEW OF THE PROBLEMS OF PHILOSOPHY, SOCIOLOGY, HISTORY AND POLITICAL SCIENCE. – 2018. – С. 12-15.

# MAZMUNÍ

## MUZÍKATANÍW


1 **Раджабова С.Р.** СОВРЕМЕННОЕ ВОКАЛЬНОЕ ПРОИЗВЕДЕНИЕ: СОЕДИНЕНИЕ ТРАДИЦИИ И ИННОВАЦИИ В АЦИОНАЛЬНОМ МУЗЫКАЛЬНОМ ИСКУССТВЕ…………………………………….. 3

2 **Туйчиева Р.Х.** СОНАТА ДЛЯ СКРИПКИ И ФОРТЕПИАНО ФАТТАХА НАЗАРОВА В КЛАССЕ КАМЕРНОГО АНСАМБЛЯ….. 12

3 **Muxamedjanova Z.** YOSH KOMPOZITORLAR IJODIDA KAMER-CHOLG‘U ASARLARNING IJROCHILIK TALQINI……................ 17

4 **Ражабова Н.Ф.** ЛАДЫ НАРОДНОЙ МУЗЫКИ В КУРСЕ СОЛЬФЕДЖИО……………………………………………………….. 26

5 **Saidxonov A.S.** IOGAN SEBASTYAN BAX OHANGLARDAN TARALAYOTGAN HAYOT…………………………………………… 31

6 **Muxamedjanova Z.** B.TURSUNBOYEVNING FORTEPIANO UCHUN “SAVTI KALON SOQIYNOMASI” MAVZUSIGA VARIATSIYASI TAHLILI VA TALQIN MASALASI……………….. 36

7 **Чаршемов Ж.А.** ОРКЕСТР УЧУН КОНЦЕРТ ЖАНРИ ТАРИХИ….. 44

8 **Kamalova G.M.** JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ “POPURRI” SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI……………………………….. 52

9 **Allaniyazov B.Q.** «MUXAMMES» JANRÍNÍŃ TEORIYALÍQ HÁM ÁMELIY MASHQALALARÍ…………………………………… 58

10 **Мухамедзиянов К.Т.** О ВОКАЛЬНОМ ЦИКЛЕ «РУБАЯТ» НОДИРА МАХАРОВА НА СЛОВА АЛИШЕРА НАВОИ………… 64


## KÓRKEM ÓNER


11 **Allanbaev R.O.** MUZÍKALÍ SHIǴARMALARDIŃ QARAQALPAQ TEATRÍNDA TUTQAN ORNÍ....................................................... 69

12 **Djumaniyazov U.M.** XALQ CHOLG‘ULARI ORKESTRIDA RUBOB PRIMANING O‘RNI………………………………………………… 76

13 **Áliev N.Ǵ.** QARAQALPAQ MUZIKA MÁDENIYATINDA DEMLI ÁSBAPLAR……………………………………………………… 81

14 **Kamalova G., Dauletbaeva G.** DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI...................................... 89

15 **Karimova N.** O‘ZBEKISTONDA O‘TKAZILAYOTGAN XALQARO TIVALLARNING MADANIY ALOQALARDAGI ROLI (Xalqaro asal vali misolida)…………………………………………..................... 95

16 **Ризаев О.** ТЕАТР ВА ЗАМОН……………………………………… 105

17 **Shukurov A.** MILLIY O‘ZLIKNI ANGLASHDA MILLIY MADANIYATNING AHAMIYATI…………………………………… 111

18 **Хожаназаров Т.** ҚОРАҚАЛПОҒИСТОНДА ОПЕРА САНЪАТИНИНГ ШАКЛЛАНИШИ ВА РИВОЖЛАНИШ БОСҚИЧЛАРИ……………………………………………………… 117
19 **Мамадалиев А.** ЎЗБЕК МАДАНИЙ МУСИҚА ИЖРОЧИЛИГИДА ХАЛҚ ЧОЛҒУЛАРИ АНСАМБЛЛАРИНИНГ ТУТГАН ЎРНИ (чангчилар ансамблида Ф.Содиқовнинг "Ҳумор" асари мисолида).. 122
20 **Назаров О.** МИЛЛИЙ ЧОЛҒУЛАРДА ЎҚИТИШ УСЛУБИЁТИНИ ТАКОМИЛЛАШТИРИШДА МУТАХАССИСЛИК ФАНИ ЎҚИТУВЧИЛАРИ ФАОЛИЯТИНИНГ АҲАМИЯТИ (Абдувоҳид Мажидов фаолияти мисолида)……………………………………… 129
21 **Юлдашева М.Б.** РОЛЬ МЕЖКУЛЬТУРНОГО ВЗАИМОДЕЙСТВИЯ И КУЛЬТУРНОЙ ДИПЛОМАТИИ В ПРОДВИЖЕНИИ КУЛЬТУРЫ УЗБЕКИСТАНА…………………… 135

## MUZÍKA PEDAGOGIKASÍ

22 **Gulmanov I.Sh.** DÁP ÁSBABÍN OQÍTÍW METODIKASÍ TARIYXÍ.. 143
23 **Iseev R.** FORTEPIANO SABAǴINDA SES GOZALLÍǴÍ ÚSTINDE ISLEW PROCESI.......................................................................... 154
24 **Yusupaliyeva D.K.** YANGI O'ZBEKISTON YOSHLARI TARBIYASIDA MILLIY QADRIYAT: MOHIYAT VA MAZMUN.... 160
25 **Азимов Б.** ИЛМ ВА ТАЖРИБАДАГИ ПЕДАГОГИК МАҲОРАТ (Васильев Феоктист Никифорович ижоди мисолида)……………… 168
26 **Казакбаева М.** РОЛЬ И РАЗВИТИИ ЦИФРОВЫХ КОМПЕТЕНЦИЙ В МУЗЫКАЛЬНОМ ОБРАЗОВАНИИ……….. 175
27 **Умарова В.** РАБОТА НАД ПОЛИФОНИЧЕСКИМИ ПРОИЗВЕДЕНИЯМИ В КЛАССЕ «СПЕЦИАЛЬНОЕ ФОРТЕПИАНО»…………………………………………………. 180

## JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER

28 **Тлеуниязова Г.Б.** ЗАМОНАВИЙ ҚОРАҚАЛПОҚ ЛИРИКАСИНИНГ ТАРАҚҚИЁТ ТАМОЙИЛЛАРИДА ШЕЪР КОМПОЗИЦИЯСИ......................................................................... 186
29 **Бекбергенова А.У.** ПИСЬМЕННЫЙ ПАМЯТНИК «КИТАБИ ДЕДЕМ КОРКУТ» И ДАСТАН «ЕР ЗИЙУАР».............................. 196
30 **Бекбергенова А.У.** ҚАРАҚАЛПАҚ ОЧЕРКЛЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ТЕНДЕНЦИЯЛАРЫ (1991-2000-жыллар)……… 202

# MUZÍKA HÁM KÓRKEM ÓNER XABARSHÍSÍ

*Ilimiy-metodikalıq jurnal*

**"STATION X" baspası**
**Nókis-2024**